

Tata Pangibadah Brayat
Minggu, 16 Agustus 2020
GKJ Rewulu

NGRAOS-RAOSAKEN RANCANGANIPUN GUSTI

(Pasamuwan Jumeneng)

P2 : Pasamuwan ingkang kinasih, kanthi bingah lan kebaking pangajeng-ajeng sumangga kita sesarengan nyatunggilaken manah kita wonten ing pangibadah brayat punika, ngraos-ngraosaken katresnan lan pangandikanipun Gusti kanthi jejer : “*Ngraos-raosaken Rancanganipun Gusti*”. Mugi Roh Suci nyagedaken kita tansah pitados dumateng rancanganipun Gusti Allah ingkang endah wonten ing gesang kita. Mila sumangga kita nyawisaken manah kita kanthi lumebet wonten ing wekdal ening. Wekdal ening kangge kita sedaya.

(wekdal ening sakwetawis)

Votum lan Salam

P1 : Sumangga pangibadah punika kita senger kanthi pengaken :
Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi punika tuing pitulungan kita. Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan Gusti Yesus Kristus wonten ing panjenengan (kula) sadaya. Amin.

Kidung Pambuka

KPJ 89:1-2 PUJI KONJUK ALLAH

1. Puji konjuk Allah Kang Mahamirah;

ing rinten dalah ratri tansah ngganjar berkah;

tyang mursid dalah mursal tan badhe ketriwa

2. Puji lan panuwun mring Hyang Maagung;

ngganjar berkah mirunggan

mring tyang kang pracaya;

yéku kawilujengan lan tentrem-raharja.

Pangakening Dosa

P1 : Pangandikanipun Gusti Bab Katresnan saking Mateus 22:37-40 ingkang mekaten :” *Paring wangsulane Gusti Yesus: “Sira tresnaa marang Pangeran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Yaiku angger-angger kang gedhe lan luhur dhewe. Dene angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhewe. Kabeh isining Toret lan kitabe para nabi iku gumantung karo angger-angger loro mau.”*

Para sadherek kekasihipun Gusti, srana migatosaken pangandikanipun Gusti punika, cetha sanget anggen kita boten saged nindakaken katresnan kanthi sampurna, Punika nedahaken karingkihan kita minangka manungsa dosa. Pramila sumangga kita sowan Gusti ngakeni tuwin nelangsani dosa kita, kanthi pandonga pribadi. (P1 mungkasi kanthi pandonga)

Kidung Panelangsaning Dosa

KPJ 57:1-2 NIKMATING DONYA NGGODHA ATI

1. Nikmating donya nggodha ati,
mikata kita dimen nebih Gusti,
lan kabeh iku tan nguripi,
nging nggendeng kita mring telenging pati.

Reff :

Aja randhat umareka,
sowana ing dina iki uga.
Gusti wus ngantya mring sira
lah Pangayomanmu kang tuhu sejati

2. Mara mbuwanga sengsemira,
wit iku panyidra lan pamblasar,
ninggala dosa lan duraka,
ngungsi mring Gusti sira mesthi luwar
Reff :

Atur Pisungsung

- P2 : Sumangga kita sami ngaturaken pisungsung dhumateng Gusti, kita dhasari pangandikanipun Gusti ingkang sinerat wonten ing **Yesaya 12:4-5** ingkang mekaten : *“Ing wektu iku kowe bakal padha ngucap: “Ngunjukna panuwun marang Sang Yehuwah, padha nyebuta marang asmane, pakaryane padha sumurupna ana ing antarane para bangsa, suwurna, manawa asmane iku luhur! Padha ngidungna masmur Pangeran Yehuwah, sabab pakaryane iku mulya; bab iki prayoga kasumurupan ing saindenging bumi”*
Kempaling pisungsung, sinarengan repeking **KPJ 181:1-2 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI**

KPJ 181:1-2 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

1. Puji sokur konjuk Gusti, wit sihrahmat Paduka;
datan kendhat angasihi. cihnaning kawlasanta.
Sokur paring ingpakaryan, nadyan badamba ringkih;
sokur dene kadang mitra tansah anandukken sih.
2. Sokur, dene sesekaran, sedhep, endah ing warni
sokur mega ngantariksa, miwah surya ndadari.
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.

Pandongan Pisungsung lan Panampi Sabda (P2)

Peladosan Sabda

- P1 : (Membacakan **Mateus 15:21-28**)

“Ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang sami mirengaken Pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken, HALELUYA!”

U : (menyanyikan) Halleluya 12x

Wedharing Sabda

NGRAOS-RAOSAKEN RANCANGANIPUN GUSTI

Matius 15:21-28

Pasamuwan ingkang kinasih,

Asring kita punika ngadepi “*batasan-batasan*”, ingkang mbok menawi asring dadosaken kita punika ngraosaken mboten bebas utawi “*terbata*si”. Contonipun mawon wonten ing swasana pandemi covid-19 punika. Kita ngadepi kathah batasan, kedah berjarak kirang langkung 1 meter, nalika pepanggihan mboten pareng kathah-kathah, kedah ngagem masker mboten saged bebas malih nalika ngendikan, wonten penutupipun. Punika batasan ingkang taksih kita adepi wonten ing wekdal punika lan temtu taksih kathah malih batasan-batasan ingkang kita adepi. Ananging batasan wonten ing pandemi punika batesan ingkang ndatengaken kasaenan menawi kita nindakaken, menawi mboten nindakaken malahan ndatengaken bab ingkang mboten sae.

Wonten ing waosan kita punika ugi nelakaken kawontenan ingkang kathah batesan-batesan. Batesan napa toh?

1. Batesan antawisipun tiyang Yahudi kalian non Yahudi.

Kita sedaya mangertosi bilih wonten batesan antawisipun tiyang Yahudi kalian tiyang non Yahudi. Tiyang Yahudi mboten srawung (musuhan) kalian tiyang non Yahudi. Langkung-langkung tiyang Yahudi nganggép tiyang non Yahudi punika tiyang kafir lan mboten dipuntresnani Gusti Allah. Mboten namung bab punika, tiyang Yahudi ugi asring nyebataken tiyang non-Yahudi punika kanthi tembung segawon.

2. Batesan antawisipun tiyang kakung kalian estri

Wonten ing konteks punika tiyang estri saestu mboten gadahi hak kathah kados tiyang kakung. Kedudukanipun wonten ngandapipun tiyang kakung. Peranipun ugi dibatesi lan kedah tunduk kalian tiyang kakung.

Batesan-batesan punika dipunraosaken dening pawestri saking Kanaan ingkang wonten ing wekdal punika nyuwun wonten ngarsanipun Gusti supados saged nyarasaken putrinipun ingkang kapanjangan dhemit. Kita sampun mangertosi kawontenanipun pawestri Kanaan punika mboten gampil, piyambakipun tiyang non-Yahudi langkung-langkung estri lan nyuwun pitulungan dateng Yesus (tiyang Yahudi) piyantun kakung malih. Temtu batesanipun punika kathah. Ananging bab punika mboten ndadosaken pawestri Kanaan punika semplah anggenipun nyuwun pitulungan dumateng Gusti Yesus. Piyambakipun tetep kanthi yakin nyuwun pitulungan dumateng Gusti kanthi nguwuh-uwuh : *“Dhuh, Gusti, tedhakipun Sang Prabu Dawud, kawula mugi Paduka paringi kawelasan, anak kawula estri kapanjangan dhemit, mesakaken sanget”* (Ayat 22)

Ananging nalika Gusti Yesus mireng panyuwunanipun tiyang estri punika, Gusti Yesus mboten kersa paring wangsulan babar pisan. Langukung-langkung malah para sakabat ingkang nderek kalian Gusti Yesus punika nyuwun supados Gusti Yesus ndawuhi tiyang estri saking Kanaan punika kesah awit swantenipun punika ngganggu awit tiyang estri punika mbengok-mbengok nalika nyuwun pitulunganipun Gusti.

Lajeng Gusti Yesus ngendika dateng tiyang estri punika bilih Panjenenganipun namung kautus madosi menda-menda Banisrael ingkang sami ical kemawon (punika nelakaken batesan antawisipun tiyang Yahudi kalian non-Yahudi, bilih namung tiyang Yahudi ingkang dipuntresnani dening Gusti Allah). Ananging tiyang estri punika lajeng sujud wonten ngarsanipun Gusti, mboten preduli kalian napa ingkang dipunngendikaken Gusti Yesus, piyambakipun matur : *“Dhuh, Gusti, nyuwun tulung!”* (Ayat 25).

Lajeng Gusti Yesus ngendika : *“Ora bener, wong njupuk rotine anak-anak banjur diuncalke marang asu”* (**tembung asu punika diagem Gusti Yesus kangge nyebataken tiyang non-Yahudi**). Ananging bab punika mboten ndadosaken pawestri Kanaan punika *sakit hati* lan mboten sios nyuwun pitulunganipun Gusti, ananging saestu tetep kanthi yakin lan andhap asor piyambakipun nyuwun pitulunganipun Gusti supados putrinipun saras. Mireng

lan pirsu iman kapitadosanipun pawestri Kanaan ingkang ageng punika ndadosaken Gusti Yesus punika kersa nyarasaken putrinipun.

Pawestri Kanaan punika saestu mboten preduli kalian batesan-batesan. Piyambakipun tetep wantun lan pitados bilih Gusti saged lan badhe nyarasaken putrinipun ingkang kapanjangan dhemit. Gusti Yesus ugi nglawan batesan-batesan ingkang sampun wonten ing konteks punika, awit dasaripun punika welas asih. Mila Gusti Yesus kersa nyarasaken tiyang non-Yahudi ugi tiyang estri. Saking napa ingkang dipuntindakaken Gusti Yesus punika nelakaken kados pundi rancanganipun Gusti Allah punika sae, sih katresnanipun punika TANPA BATAS. Sejatosipun nalika Gusti Yesus mboten langsung mujudaken punapa ingkang dados panyuwunanipun tiyang estri punika mboten ateges Gusti Yesus mboten kagungan welas asih, ananging badhe mirsani kados pundi iman kapitadosanipun tiyang estri saking Kanaan punika.

Pasamuwan ingkang kinasih,

Saestu katresnanipun Gusti punika tan winates. Tanpa wates sinten tiyang punika, tanpa wates papan lan wekdal, lan temtu Gusti Yesus punika paring rancangan ingkang endah wonten ing gesang kita. Sanadyan mboten langsung Gusti paring punapa ingkang kita suwun, ananging Gusti sampun pirsu wekdalipun ingkang sae paring punapa ingkang kita betahaken. Gusti Allah mesthi paring pitulungan dateng kita pas miturut wekdalipun Gusti. Mila monggo kita tetep gadahi iman ingkang ageng, kebak pangajeng-ajeng, awit katresnanipun Gusti punika tan winates. Gusti mberkahi. Amin.

Wekdal Ening

Pandongu Syafaat (P1)

- * Sedaya umat saged nglampahi sabdanipun Gusti
- * Sedaya umat kaparingan kasarasan jasmani lan rohani
- * Bangsa lan Negari
- * Tim Medis
- * Pasien Covid-19 lan brayat pasien Covid-19
- * Donga Rama Kawula

Pangaken Pitados (P2) (*jumeneng*)

Kidung Pangutusan

KPJ 155:1 AKU TAN NATÉ MANGERTI

1. Aku tan naté mangerti kapan begja cilaka,
mung tansah pasrah mring Gusti, yéku Pamarta setya.
Mantep pracaya ing ati manut rèh lan sabdanya.
Tinuntun dumugèng janji mring kasampurnan swarga.

Berkat

- P1 :Pangeran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan (kula sedaya) lan ngayomi panjenengan (kula sedaya).
Pangeran Yehuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kula sedaya) lan maringi sih rahmat.
Pangeran Yehuwah karsa nungkulaken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kula sedaya) lan maringi tentrem rahayu. Amin

Kidung Panutup

KPJ 155:2 AKU TAN NATÉ MANGERTI

2. Aku asring tan mangerti karsèng Allah Makwasa.
Donga panyuwuning ati tan kajurungan mulya.
Nging yektiné, Gusti nganthi; astanya tansah ngrekta.
Dé panuntuning Roh Suci, sirna pangrehing dosa.